

— ANÉ C —**SOUFRANS GRANMÈT NOU JÉZU-KRI DAPRÉ LUK**

Lk 22, 14 --23, 56

"Sé pa ti kras anvi mouin té anvi manjé Pak sa-a avèk nou, anvan-m soufri-a".

L.- Lè lè-a rivé, Jézu atablé, avèk douz apot yo avèk li. Li di yo:

+- "Sé pa ti kras anvi mouin té anvi manjé Pak sa-a avèk nou, anvan-m soufri-a. Sèké mouin di nou, mouin pap manjé-l ankò, joustan li réalisé nan péyi-roua Bondié-a".

L.- Li pran kalis la, li di Bondié mèsi, li di:

+- "Pran, séparé antré nou. Mouin di nou sa: mouin pap bouè nan foui pié rézin-an, joustan péyi-roua Bondié-a rivé".

"Fè sa pou nou fè sonjé-m".

L.- Li pran pin-an, li di Bondié mèsi, li kasé-l, li ba yo, li di:

+- "Sa-a sé Kò-m, yo bay pou nou-an: fè sa pou nou fè sonjé-m".

L.- Minm jan-an tou pou kalis la, lè-l fi-n manjé, li di:

+- "Sa-a sé Kalis nouvo téstaman-an nan san-m nan, ki vidé pou nou-an.

"Madichon pou moun sa-a ki sèvi lantrémez pou yo bay pitit moun nan".

+- Sèlman min min sa-a k-ap bay mouin-an, li avèk mouin sou tab la. Pitit moun nan apralé, dapré sa-k réglé-a, sé vré; sèlman madichon pou moun sa-a ki sèvi lantrémez pou bay li-a" !

L.- Yo kòmansé ap chèché nan pami yo, kilès nan yo ki t-apral fè bagay sa-a.

"Moun minm mouin nan mitan nou tankou sa-a k-ap sèvi-a".

L.- Min vi-n gin diskision nan pami yo, kilès nan yo ki té konsidéré kòm pi gran. Li di yo:

+- "Roua nasion yo kòmandé yo, moun ki gin pouvoua sou yo, yo rélé yo byinfétè. Kanta pou nou minm, sa pap konsa; min sa-a ki pi gran nan nou-an, sé pou-l tankou pi piti-a, épi sa-a ki gin pi gro plas la, sé pou-l tankou sa-a k-ap sèvi-a. Ebyin kilès ki pi gran-an, èské sé sa-k sou tab la oubyin sa k-ap sèvi-a? èské sé pa sa-k sou tab la? Epoutan, mouin minm minm mouin nan mitan nou tankou sa-a k-ap sèvi-a.

+.- Nou minm minm, sé nou minm ki té rété avèk mouin nan tray ki t-ap séyé-m yo, kanta mouin minm mouin préparé péyi-roua-a pou nou, jan Papa-m té préparé pou mouin-an, pou nou manjé, pou nou bouè sou tab mouin nan péyi-roua-m nan, pou nou chita sou fotèy yo, ap jijé douz fanmi Izraël yo".

"Ou minm minm, lè-ou tounin, asiré frè-ou yo".

L.- Grammèt la di:

+.- "Simon, Simon, min Satan réklamé nou pou-l pasé nou nan pasoua tankou blé; min mouin lapriyè pou ou, pou lafoua-ou pa tonbé, ou minm minm, lè-ou tounin, asiré frè-ou yo".

L.- Li minm minm, li di-l:

***.**.- "Granmèt, mouin paré pou-m alé avèk ou ni nan prizon, ni nan lanmò".

L.- Min li di:

+.- "Mouin di-ou Piè, jodi-a kòk la pap chanté, anvan-ou nié toua foua ou konninem".

"Sa-k ékri-a, sé pou-l réalisé nan mouin".

L.- Li di yo:

+.- "Lè-m té voyé nou san sak, san bous, san soulié-a, èské nou té manké kichòy"?

L.- Yo di:

****.**.- "Anyin".

L.- Li di yo:

+.- "Ebyin koulié-a, moun ki gin bous, sé pou-l pran-l, minm jan tou pou sak la; épi moun ki pa ginyin, sé pou-l vann chémiz li, pou-l achté yon épé. Sèké mouin di nou sa-k ékri-a gin pou-l akonpli nan mouin déjà: 'Yo konté-l nan pamí méchan yo'. Réyèlman, sa-k konsèné-m yo, yo rivé nan finisman yo".

L.- Yo di:

****.**.- "Granmèt, min dé épé isit la".

L.- Li di yo:

+.- "Sa kont".

"Li antré nan agoni, li t-ap lapriyè pi plis".

L.- Li sòti, 1-alé, jan-l té konn abitié fè-a, sou mòn pié Oliv yo. Disip li yo t-ap suiv li. Lè-l rivé nan koté-a, li di yo:

+.- "Lapriyè pou nou pa antré nan tantasion".

L.- Li pati sot koté yo-a, distans yo t-a kapab voyé yon kout ròch, li pozé jénou-l atè, li t-ap lapriyè, li t-ap di:

+. - "Papa, si-ou vlé, ouété kalis sa-a sot koté-m; sèlman sé pa volonté-m, sé pa-ou la ki pou fèt".

L.- Yon anj parèt dévan-l sot nan sièl la, l-ap konsolé-l. Li antré nan agoni, li t-ap lapriyè pi plis. Suè-l té tankou gout san k-ap kouté sou tè-a.

Lè-l lévé sot nan lapriyè-a, li rivé kot disip li yo, li jouinn yo ap dòmi avèk tristès, li di yo:

+. - "Pouki sa n-ap dòmi-an? Lévé, lapriyè, pou nou pa antré nan tantasion".

"Juda, ak yon bo, ou bay Pitit moun nan"?

L.- Pandan l-ap palé toujou, foul la rivé; sa yo té rélé Juda-a, youn nan douz yo, li t-ap maché dévan yo, li proché kot Jézu pou-l bo-l. Jézu minm di-l:

+. - "Juda, sé ak yon bo, ou bay Pitit moun nan"?

L.- Sa yo ki té antouré-l yo, lè yo ouè sa k-apral rivé, yo di-l:

****. -** "Granmèt, si nou té frapé ak épé"?

L.- Youn nan yo frapé sèvitè gran prêt la, li koupé zorèy douat li. Jézu pran laparòl, li di:

+. - "Kité sa la".

L.- Li touché zorèy li, li géri-l. Jézu di moun yo ki té vi-n sou li yo, gran prêt yo, majistra Tanp la, ak ansyin yo:

+. - "Sé tankou pou yon vòlè, nou soti ak épé, ak baton. Lè-m té nan Tanp la chak jou avèk nou-an, nou pa-t lonjé min nou sou mouin. Min sa-a sé lè pa nou, ak pouvoua fè noua yo".

"Piè sòti déyò, li kriyé san".

L.- Yo arété-l, yo kondui-l nan kay gran prêt la; Piè minm t-ap suiv byin louin. Té gin yon difé ki té limin nan mitan lakou-a, moun yo té chita alantou-l. Piè té nan mitan yo. Yon sèvant ouè-l chita nan limiè-a, li égzaminé-l, li di:

***. -** "Sa-a té avèk li".

L.- Li minm, li nié-l, li di:

***. -** "Madanm, mouin pa konnin-l".

L.- Apré yon ti moman, yon lòt ouè-l, li di:

***. -** "Ou minm tou, ou té avèk yo".

L.- Piè minm di:

*.- "Monchè, sé pa mouin".

L.- Apéprè inè-d-tan konsa fi-n pasé, yon lòt moun sètifié, li di:

*.- "Sètènman sa-a tou té avèk li; paské sé Galiléyin li yé".

L.- Piè di:

*.- "Monchè, mouin pa konnin sa-ou ap di la-a".

L.- Minm lè-a, pandan l-ap palé toujou, yon kòk chanté. Granmèt la viré, li gadé Piè. Piè minm vi-n sonjé paròl Granmèt la, jan-l té di-a ; "Anvan kòk la chanté, ou-ap nié-m toua foua". Piè soti déyò, li kriyé avèk yon gou anmè.

"Profétizé: ki moun ki frapé-ou la"?

L.- Mésié yo ki t-ap sivéyé-l la, yo t-ap pasé-l nan jouèt, yo t-ap frapé-l. Yo mété yon voual sou li, yo t-ap frapé fas li, yo t-ap pozé-l késion, yo t-ap di:

**.- "Profétizé, ki moun ki frapé-ou la"?

L.- Yo t-ap di anpil lòt bagay kont li, antan yo t-ap blasfémé-l.

"Yo kondui-l nan tribinal yo-a".

L.- Lè jou rivé, ansyin yo nan pèp la, gran prêt yo ak skrib yo kondui-l nan tribinal yo-a, yo di:

**.- "Si-ou sé Kris la, di nou".

L.- Li di yo:

+.- "Si-m di nou, nou pap kouè-m; si-m pozé nou késion, nou pap réponn mouin, ni nou pap lagé-m. Min dépi koulié-a Pitit moun nan ap chita adouat pouvoua Bondié-a".

L.- Yo tout, yo di-l:

**.- "Konsa ou sé Pitit Bondié"?

L.- Li di:

+.- "Nou di-l, sé sa mouin yé".

L.- Yo di:

**.- "Sa nou békouin témoagnaj ankò? Nou minm minm nou tandé sa-k soti nan bouch li".

L.- Tout foul yo-a lévé, yo kondui-l bay Pilat.

"Mouin pa jouinn okinn kòz nan mésié sa-a".

L.- Yo kòmansé akizé-l, yo di:

**.- "Nou jouinn mésié sa-a k-ap soulvé nasion nou-an, li réfizé pou yo péyé taks bay Séza, li di li sé Kris, li sé roua".

L.- Pilat minm pozé-l késion, li di:

*.- "Ou sé roua Juif yo"?

L.- Li réponn, li di:

+.- "Sé sa-ou di-a".

L.- Pilat minm di gran prêt yo ak foul yo:

*.- "Mouin pa jouinn okinn koz nan mésié sa-a".

L.- Min yo minm minm, yo t-ap apuiyé pi plis, yo t-ap di:

**.- "L-ap troublé pèp la, antan l-ap bay ansègnman nan tout Judé-a, kòmansé dépi Galilé tous isit la".

L.- Lè Pilat tandé mo Galilé-a, li mandé si mésié-a té Galiléyin. Lè-l aprann sé anba pouvoua Éròd li té yé, li rinnèt li bay Éròd, ki té Jéruzalèm tou jou sa yo.

"Éròd méprisé-l, ansan-m ak tout sòlda-l yo".

L.- Éròd minm, lè-l ouè Jézu, li kontan anpil; sèké sa té fè lontan li té anvi ouè-l, paské li té tandé anpil bagay li té fè, li té espéré li t-ap fè-l ouè kèk sign. Li pozé-l késion ak anpil paròl; min li minm, li pa réponn anyin. Chèf prêt yo minm té kanpé, ni skrib yo tou, yo t-ap akizé-l san rété, Éròd minm méprisé-l, ansanm ak sòlsa-l yo tou, li pasé-l nan jouèt, antan-l abiye-l ak yon rad blan, li rinnèt li bay Pilat. Éròd ak Pilat vi-n zannii dépi jou sa-a: sèké anvan sa, sé ènmi yo té yé youn parapò a lòt.

"Pilat rinnèt Jézu pou yo fè sa yo vlé".

L.- Pilat minm rasanblé gran prêt yo ak majistra yo ak foul la, li di yo:

*.- "Nou minnin mésié sa-a ban mouin kòmsi l-ap soulvé pèp la, époutan min mouin pozé-l késion dévan nou, mouin pa jouinn okinn koz nan mésié sa-a, nan bagay nou akizé-l yo. Min ni Éròd tou; sèké mouin té voyé nou ba li, min nan pouin anyin ki mérité lanmò nan li. M-ap korijé-l, épi m-ap lagé-l".

L.- Li té blije lagé yon moun ba yo pou jou fèt la. Tout foul la ansanm lévé voua-l byin fò, li di:

**.- "Fè sa-a disparèt, lagé Barabas ban nou",

L.- sa yo té mét nan prizon-an, poutèt yon révòlt ki té fèt nan vil la avèk yon krim. Pilat rékòmansé palé avèk yo ankò, paské li té vlé lagé Jézu. Yo minm minm yo rélè pi fò, y-ap di:

**.- "Klouré-l sou koua".

L.- Li minm minm, pou touaziòm foua-a li di yo:

*.- "Ki sa-l fè ki mal? Mouin pa jouinn okinn koz lanmò nan li, m-ap korijé-l, épi m-ap lagé-l".

L.- Min yo minm yo insisté antan yo lévé voua yo pi ro, yo mandé pou yo klouré-l sou koua, yo t-ap lévé voua yo tout tan pi fò. Pilat minm fè déklarasion jijman pou sa yo mandé-a réalisé. Moun nan yo té mét nan prizon pou krim ak révòlt la, li lagé-l ba yo, li minm yo té réklamé-a; kanta Jézu minm, li rinmèt li bay volonté yo.

"Fi Jérusalèm yo, pa kriyé sou mouin".

L.- Pandan y-ap kondui-l, yo mét min sou Simon, yon moun Sirèn ki té vi-n sot nan jadin, yo blijé-l poté koua-a dèyè Jézu. Yon gran foul pèp la t-ap suiv li, ni médam ki t-ap kriyé, ki t-ap plinn sou li, Jézu viré nan diréksion yo, li di:

+.- "Fi Jérusalèm yo, pa kriyé sou mouin, min sé sou nou minm minm pou nou kriyé ak sou pitit nou yo; paské min jou ap rivé, koté y-ap di: 'Ala kontantman pou fi ki pa kapab fè pitit yo, ak vant ki pa-t anfanté yo, ak téte ki pa-t bay lèt yo'. Lè sa-a y-ap kòmansé di mòn yo: 'Tonbé sou nou', épi ti rotè yo 'Kouvri nou'. Paské, si yo aji konsa ak boua vèt la, ki sa y-ap fè boua sèk la"?

L.- Yo t-ap kondui dòt, dé kriminèl, avèk li, pou yo touyé yo.

"Papa, padonnin yo; sèké yo pa konnin sa y-ap fè".

L.- Lè yo fi-n rivé koté yo rélé Kalvè-a, sé la yo klouré-l sou koua-a avèk vòlè yo, youn adouat, lòt la agoch. Jézu minm t-ap di:

+.- "Papa, padonnin yo; sèké yo pa konnin ki sa y-ap fè".

L.- Yo séparé rad li yo, antan yo joué zo sou yo.

"Sa-a sé roua Juif yo".

L.- Pèp la té kanpé l-ap gadé, gran prêt yo t-ap pasé-l nan jouèt antré yo, yo t-ap di:

****.-** "Li sové dòt, sé pou-l sové pròp tèt li, si-l sé Kris la, sa Bondié chouazi-a".

L.- Sòlda yo tou t-ap pasé-l nan jouèt, yo proché, yo ofri-l vinèg, y-ap di:

****.-** "Si-ou sé roua Juif yo, sové pròp tèt ou".

L.- Té gin yon pankat ki ékri anlè-l, nan lèt grèk, latin ak ébré ; "Sa-a sé roua Juif yo".

"Jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan paradi-a".

L.- Youn nan sa yo ki té pandié yo, nan vòlè yo, li t-ap blasfémé-l, li t-ap di:

****.-** "Si-ou sé Kris la, sové pròp tèt ou, ni nou minm tou".

L.- Lòt la minm pran laparòl, li fè-l répròch, li di-l:

***.-** "Ou minm tou, ou pa krinn Bondié, ou ki nan minm kondanasion-an? Pou nou, sé jistis, paské nou résévoua sa nou mérité pou aksion nou yo; sa-a minm, li pa-t fè anyin ki mal".

L.- Li t-ap di Jézu:

***.-** "Granmèt, sonjé-m, lè ou-ap vini nan péyi-roua-ou la".

L.- Jézu di-l:

+ "Amèn mouin di-ou, jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan Paradi-a".

"Papa, nan min-ou, mouin rinnèt Éspri-m".

L.- Li té prèské sizièm è-a (midi), fènoua té rivé sou tout tè-a, jous névièm è-a (touazè). Solèy la vi-n tou noua, voual Tanp la chiré nan mitan. Jézu pousé yon rèl avèk voua-l byin fò, li di:

+ "Papa, nan min-ou mouin rinnèt Éspri-m".

L.- Pandan l-ap di sa, souf li pati,

(Isit la, yo fè jéniflèksion, yo fè yon ti pòz.)

L.- Lè santirion-an ouè sa-k rivé, li rann Bondié gloua, li di:

***.-** "Vrèman, mésié sa-a té kòrèk".

L.- Tout foul yo ki té vini ansanm pou yo gadé bagay sa-a, épi ki té ouè sa-k pasé, yo t-ap tounin antan y-ap frapé léstomak yo. Min tout zanmi-l yo té kanpé louin, ni médam yo ki té suiv li dépi sot nan Galilé-a, épi ki t-ap gadé bagay sa yo.

"Jozèf dépozé kò Jézu nan yon kavo yo fouyé nan ròch".

L.- Gin yon mésié yo rélé Jozèf, li té fè pati konsèy la, sé té yon moun ki bon, ki kòrèk (li pa-t konsanti nan désizion yo avèk aksion yo), sé té moun Arimati, yon vil Judé, li minm tou li t-ap tann péyi roua Bondié-a. Li proché kot Pilat, li mandé kò Jézu; li vlopé-l nan yon dra, lè yo vi-n désann li sou koua-a, li dépozé-l nan yon kavo ki fouyé nan ròch, koté yo pa-t ko mété pèsòn. Sé té jou préparasion Pak la, saba-a té kòmansé ap kléré.

L.- Médam yo rivé apré, yo minm ki té vi-n sot dépi Galilé-a, yo ouè kavo-a épi kijan kò-l té pozé, yo tounin, yo paré losion ak pomad; pandan saba-a minm, yo rét trankil, dapré kòmandman-an.

OUBYIN PI KOUT**SOUFRANS GRANMÈT NOU JÉZU-KRI DAPRÉ LUK**

Lk 23, 1-49

Lè sa-a:

Ansyin pèp yo ak gran prêt yo ak skrib yo lévé, yon kondui Jézu bay Pilat.

"Mouin pa jouinn okinn kòz nan mésié sa-a".

Yo kòmansé akizé-l, yo di: "Nou jouinn mésié sa-a k-ap soulvé nasion nou-an, li réfizé pou yo péyé taks bay Séza, li di li sé Kris, li sé roua".

Pilat minm pozé-l késion, li di: "Ou sé roua Juif yo"?

Li réponn, li di: "Sé sa-ou di-a".

Pilat minm di gran prêt yo ak foul yo: "Mouin pa jouinn okinn koz nan mésié sa-a".

Min yo minm minm, yo t-ap apuiyé pi plis, yo t-ap di: "L-ap troublé pèp la, antan l-ap bay ansègnman nan tout Judé-a, kòmansé dépi Galilé jous isit la".

Lè Pilat tandé mo Galilé-a, li mandé si mésié-a té moun Galilé. Lè-l aprann sé anba pouvoua Éròd li té yé, li rinnèt li bay Éròd, ki té Jéruzalèm tou jou sa yo.

"Éròd méprisé-l, ansanm ak tout sòlda-l yo".

Éròd minm, lè-l ouè Jézu, li kontan anpil; sèké sa té fè lontan li té anvi ouè-l paské li té tandé anpil bagay li té fè, li té espéré li t-ap fè-l ouè kèk sign. Li pozé-l késion ak anpil paròl; min li minm minm, li pa réponn anyin. Gran prêt yo minm té kanpé, ni skrib yo tou, yo t-ap akizé-l san rété. Éròd minm méprisé-l, ansanm ak sòlsa-l yo tou, li pasé-l nan jouèt, antan-l abiyé-l ak yon rad blan, li rinnèt li bay Pilat. Éròd ak Pilat vi-n zanmi dépi jou sa-a; sèké anvan sa, sé lènmi yo té yé youn parapò a lòt.

"Pilat bay Jézu pou yo fè sa yo vlé".

Pilat minm rasanblé gran prêt yo ak majistra yo ak foul la, li di yo: "Nou minnin mésié sa-a ban mouin kòmsi l-ap soulvé pèp la, époutan min mouin pozé-l késion dévan nou, mouin pa jouinn okinn koz nan mésié sa-a, nan bagay nou akizé-l yo. Min ni Éròd tou; sèké mouin té voyé nou ba li, min nan pouin anyin ki mérité lanmò nan li. M-ap korijé-l, épi m-ap lagé-l".

Li té blijé lagé yon moun ba yo pou jou fèt la. Tout foul la ansanm lévé voua-l byin fò, li di: "Fè sa-a disparèt, lagé Barabas ba nou", sa yo té mét nan prizon-an, poutèt yon revòlt ki té fèt nan vil la avèk yon krim.

Pilat rékòmansé palé avèk yo ankò, paské li té vlé lagé Jézu. Yo minm minm yo rélé pi fò, y-ap di: "Klouré-l sou koua, klouré-l sou koua".

Li minm minm, pou touazièm foua-a li di yo: "Ki sa-l fè ki mal? Mouin pa jouinn okinn koz lanmò nan li, m-ap korijé-l, épi m-ap lagé-l". Min yo minm yo insisté antan yo lévé voua yo pi ro, yo mandé pou yo klouré-l sou koua, yo t-ap lévé voua yo tout tan pi fò.

Pilat minm fè déklärasion jijman pou sa yo mandé-a réalisé. Moun nan, yo té mét nan prizon pou krim ak révolt la, li lagé-l ba yo, li minm yo té réklamé-a; kanta Jézu minm li rinnèt li bay volonté yo.

"Fi Jérusalèm yo, pa kriyé sou mouin".

Pandan y-ap kondui-l, yo mét min sou Simon, yon moun Sirèn ki té vi-n sot nan jadin, yo blijé-l poté koua-a dèyè Jézu.

Yon gran foul pèp la t-ap suiv li, ni médam ki t-ap kriyé, ki t-ap plinn sou li. Jézu viré nan diréksion yo, li di: "Fi Jérusalèm yo, pa kriyé sou mouin, min sé sou nou minm pou nou kriyé ak sou ptit nou yo; paské min jou ap rivé, koté y-ap di: 'Ala kontantman pou fi ki pa kab fè ptit yo, ak vant ki pa-t anfanté yo, ak téte ki pa-t bay lèt yo'. Lè sa-a y-ap kòmansé di mòn yo: 'Tonbé sou nou', épi ti rotè yo 'Kouvri nou', paské, si yo aji konsa ak boua vèt la, ki sa y-ap fè boua sèk la"?

Yo t-ap kondui dòt, dé kriminèl, avèk li, pou yo touyé yo.

"Papa, padonnin yo; sèké yo pa konnin sa y-ap fè".

Lè yo fi-n rivé koté yo rélé Kalvè-a, sé la yo klouré-l sou koua-a avèk vòlè yo, youn adouat, lòt la agoch. Jézu minm t-ap di: "Papa, padonnin yo; sèké yo pa konnin ki sa y-ap fè". Yo séparé rad li yo, antan yo joué zo sou yo.

"Sa-a sé roua Juif yo".

Pèp la té kanpé l-ap gadé, gran prêt yo t-ap pasé-l nan jouèt antré yo, yo t-ap di: "Li sové dòt, sé pou-l sové pròp tèt li, si-l sé Kris la, sa Bondié chouazi-a".

Sòlda yo tou t-ap pasé-l nan jouèt, yo proché, yo ofri-l vinèg, y-ap di: "Si-ou sé roua Juif yo, sové pròp tèt ou".

Té gin yon pankat ki ékri anlè-l, nan lèt grèk, latin ak ébré: "Sa-a sé roua Juif yo".

"Jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan paradi a".

Youn nan sa yo ki té pandié yo, nan vòlè yo, li t-ap blasfémé-l, li t-ap di: "Si-ou sé Kris la, sové pròp tèt ou, ni nou minm tou".

Lòt la minm pran laparòl, li fè-l répròch, li di-l: "Ou minm tou, ou pa krinn Bondié, ou ki nan minm kondanasion-an? Pou nou, sé jistis, paské nou résévoua sa nou mérité pou aksion nou yo; sa-a minm, li pa-t fè anyin ki mal". Li t-ap di Jézu: "Granmèt, sonjé-m, lè ou-ap vini nan péyi-roua-ou la".

Jézu di-l: "Amèn mouin di ou, jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan Paradi-a".

"Papa, nan min-ou, mouin rinnmèt Éspri-m".

Li té prèske sizièm è-a (midi), fènoua té rivé sou tout tè-a, jous névièm è-a (touazè). Solèy la vi-n tou noua, voual Tanp la chiré nan mitan. Jézu pousé yon rèl avèk voua-l byin fò, li di: "Papa, nan min-ou mouin rinnmèt Éspri-m". Pandan l-ap di sa, souf li pati.

(Isit la, yo fè jénifléksion, yo fè yon ti pòz).

Lè santirion-an ouè sa-k rivé, li bay Bondié gloua, li di: "Vrèman, mésié sa-a té kòrèk". Tout foul yo ki té vini ansanm pou yo gadé bagay sa-a, épi ki té ouè sa-k pasé, yo t-ap tounin antan y-ap frapé léstomak yo. Min tout zanmi-l yo té kanpé louin, ni médam yo ki té suiv li dépi sot nan Galilé-a, épi ki t-ap gadé bagay sa yo.

(23. Apré istoua Soufrans la, dapré sikontans, yo kapab fè yon ti prèch. Yo di "Moun kouè gin yon sèl Bondié").

Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri daprè sin Luk

Sign: L = Léktè

+ = Jézu

* = Yon moun / ** = Foul

Tèks: Luk 22,14 - 23,56

Mizik: Mgr Frantz Colimon, smm

L.- Sou- frans Granmèt nou Jé- zu Kri da- pré Luk.

Lè lè-a ri-vé, Jézu lonjé kò-l pou-l man-jé, avèk douz Apot yo avèk li. Li di yo:

+. "Sé pa ti kras anvi mouin té anvi manjé Pak sa-a avèk nou, anvan-m sou- fri-a.

Sèké mouin di nou, mouin pap manjé-l ankò, joustan li réalisé nan péyi- roua Bon- dié-a".

L.- Li pran kalis la, li di Bondié mè- si, li di: +. "Pran, séparé antré nou.

Mouin di nou sa: mouin pap bouè nan frui pié rézin-an, joustan péyi-roua Bon-dié-a ri-vé".

L.- Li pran pin-an, li di Bondié mè- si, li kasé-l, li ba yo, li di: +. "Sa-a sé Kò mouin,

yo bay pou nou-an: fè sa pou nou fè son- je mouin". L.- Minm jan-an tou pou ka- lis la,

lè-l fi-n man-jé, li di: +. "Sa-a sé Kalis nouveau téstaman-an nan san-m nan, ki vi-dé pou nou-an.

10 Sèl- man, min min sa-a k-ap bay mouin-an, li a- vèk mouin sou tab la.

Pitit moun nan apralé, dapré sa-k réglé-a, sé vré; sèlman ala malè pou moun sa-a ki sèvi
 lantrémidz pou bay li-a." L.- Yo kòmansé ap chèché nan pami yo kilès nan yo ki t-apral
 fè ba- gay sa-a. Min vi-n gin diskision na pami yo, kilès nan yo ki té konsidéré kòm pi gran.
 Li di yo: +.- "Roua nasion yo kòmandé yo, moun ki gin pouvoua sou yo, yo ré- lé yo
 byin- fé- tè. Kanta pou nou minm, sa pap kon- sa; min sa-a ki pi gran nan nou-an,
 sé pou-l tankou pi pi- ti-a, épi sa-a ki gin gro plas la, sé pou-l tankou sa-a k-ap sè- vi-a.
 Ebyin kilès ki pi gran-an, èské sé sa-k sou tab la oubiyin sa k-ap sè- vi-a ?
 ès- ké sé pa sa-k sou tab la? Epoutan, mouin minm minm mouin nan mitan nou tankou
 sa-a k-ap sè- vi-a. Nou minm minm, sé nou minm ki té rété avèk mouin
 20 nan tan- ta- sion-m yo, kanta mouin minm mouin préparé péyi roua-a pou nou,

pou-l ach-té yon é-pé. Sèké mouin di nou sa-k ékri-a gin pou-l akonpli nan mouin dé-ja:

'Yo konté-l nan pa-mi mé- chan yo'. Réyèlman, sa-k konséné-m yo, yo rivé nan finis-man yo".

L.- Yo di: **.- "Granmèt, min dé é- pé i- sit la". L.- Li di yo: +.- "Sa kont".

L.- Li soti, l-alé, jan-l té konn abitué fè-a sou mòn pié O- liv yo. Disip li yo t-ap suiv li.

Lè-l rivé nan koté-a, li di yo: +.- "Priyé pou nou pa antré nan tan- ta- sion".

L.- Li pati sot koté yo-a, distans yo t-a kapab voyé yon kout ròch, li pozé jénou-l a-tè,

li t-ap priyé, li t-ap di: +.- "Pa- pa, si-ou vlé, ouété kalis sa-a sot ko- té-m;

sèlman sé pa volonté-m, sé pa-ou la ki pou fèt." L.- Yon anj parèt dévan-l sot nan sièl la,

l-ap konso- lé-l. Li antré nan agoni, li t-ap priyé pi plis. Suè-l té tankou gout san
40 k-ap kou- lé sou tè-a. Lè-l lévé sot nan priyè-a, li rivé kot disip li yo

li jouinn y-ap dòmi avèk tris-tès, li di yo: +.- "Pouki sa n-ap dò- mi-an? lévé, priyé,
 pou nou pa antré nan tan- ta- sion". L.- Pandan l-ap palé tou-jou, foul la rivé; sa yo té rélé
 Juda-a, youn nan douz yo, li t-ap ma- ché dé- van yo, li proché kot Jézu pou-l bo-l.
 Jézu minm di-l: +.- "Ju-da, sé ak yon bo, ou bay Pi- tit moun nan?" L.- Sa yo ki té
 antouré-l yo, lè yo ouè sa k-apral rivé, yo di-l: **.- "Granmèt, si nou té fra- pé ak é- pé?"
 L.- Youn nan yo frapé sèvitè gran prêt la, li koupé zò- rèy douat li. Jézu pran lapa-ròl, li di:
 +.- "Kité sa la". L.- Li touché zò- rèy li, li gé- ri-l. Jézu di moun yo ki té vi-n sou li yo,
 gran prêt yo, majistra Tanp la, ak an- syin yo: +.- "Sé tan- kou pou yon vò- lè,
 50 nou soti ak é- pé, ak ba-ton. Lè-m té nan Tanp la chak jou avèk nou-an,
 nou pa-t lonjé min nou sou mouin, min sa-a sé lè pa nou, ak pou- voua fè- noua yo".

L.- Yo arété-l, yo kondui-l nan kay gran prêt la; Piè minm t-ap suiv byin louin. Té gin yon difé
 ki té limin nan mitan lakou-a, moun yo té chi- ta alan- tou-l, Piè té nan mi- tan yo.

Yon sèvant ouè-l chita nan limiè-a, li égzaminé-l, li di: *.- "Sa-a té a- vèk li".


L.- Li minm, li nié-l, li di: *.- "Madanm, mouin pa kon-nin-l". L.- Apré yon ti moman,
 yon lòt ouè-l, li di: *.- "Ou minm tou, ou té a-vèk yo". L.- Piè minm di: *.- "Monchè sé pa mouin".


L.- Apéprè inè-d-tan konsa fi-n pa- sé, yon lòt moun sètifié, li di: *.- "Sètèn-man sa-a tou té a-vèk li,
 paské sé Galilé-yin li yé". L.- Piè di: *.- "Monchè, mouin pa konnin sa-ou ap di la-a".


L.- Minm lè-a, pandan l-ap palé tou-jou, yon kòk chan- té. Granmèt la viré, li gadé Piè.


Piè minm vi-n sonjé paròl Granmèt la, jan-l té di-a: 'Anvan kòk la chanté, ou-ap nié-m toua foua'.
 60
 Piè soti déyò, li kriyé avèk yon gou an- mè. Mésié yo ki t-ap sivéyé-l la, yo t-ap pasé-l nan jouèt,


yo t-ap frapé-l. Yo mét yon voual sou li, yo t-ap frapé fas li, yo t-ap pozé-l késion, yo t-ap di:
 **.- "Profé ti- zé, ki moun ki fra- pé-ou la?" L.- Yo t-ap di anpil lòt bagay kont li,
 antan yo t-ap blas- fé- mé-l. Lè jou rivé, ansyin yo nan pèp la, gran prêt yo ak skrib yo
 yo kondui-l nan konsèy yo-a, yo di: **.- "Si-ou sé Kris la, di nou". L.- Li di yo:
 +.- "Si-m di nou, nou pap kouè-m, si-m pozé nou késion, nou pap réponn mouin, ni nou pap la-gé-m.
 Min dépi koulié-a Pitit moun nan ap chita adouat pou-voua Bon-dié-a". L.- Yo tout yo di-l:
 **.- "Konsa ou sé Pi-tit Bon-dié?" L.- Li di: +.- "Nou di-l, sé sa mouin yé". L.- Yo di:
 **.- "Sa nou bézouin témoua-gnaj an- kò? Nou minm minm nou tandé sa-k soti nan bouch li".
 L.- Tout foul yo-a lévé, yo kon- dui-l bay Pi-lat. Yo kòmansé akizé-l, yo di: **.- "Nou jouinn
 70 mésié sa-a k-ap soulvé na- sion nou-an, li réfizé pou yo péyé taks bay Sé- zar,



 li di li sé Kris, li sé roua". L.- Pilat minm pozé-l késion, li di: *.- "Ou sé roua Juif yo?"
 L.- Li ré-ponn, li di: +.- "Sé sa-ou di-a". L.- Pilat minm di gran prêt yo ak foul yo:
 *.- "Mouin pa jouinn o- kinn kòz nan mé-sié sa-a". L.- Min yo minm yo t-ap apuiyé pi plis, yo t-ap di:
 **.- "L-ap troublé pèp la, antan l-ap bay ansègnman nan tout Ju-dé-a, kòmansé dépi Galiléjous i-sit la".
 L.- Lè Pilat tandé mo Galilé-a, li mandé si mésié-a té Gali-léyin. Lè-l aprann sé anba pouvoua Eròd
 li té yé, li rinnèt li bay Eròd, ki té Jérusalèm tou jou sa yo. Eròd minm lè-l ouè Jézu,
 li kon- tan an- pil; sèké sa té fè lontan li té anvi ouè-l, paské li té tandé anpil bagay li té fè,
 li té épéré li t-ap fè-l ouè kèk sign. Li pozé-l késion ak anpil paròl; min li minm,
 li pa ré- ponn an- yin. Gran prêt yo minm té kanpé, ni skrib yo tou, yo t-ap akizé-l san ré- té.
 80
 Eròd minm méprizé-l, ansanm ak sòlda yo tou, li pasé-l nan jouët, antan-l abiyé-l ak yon rad blan,



 li rin-mèt li bay Pi-lat. Eròd ak Pilat vi-n zanmi dépi jou sa-a; sèké anvan sa, sé ènmi yo té yé



 youn para- pò a lòt. Pilat minm rasanblé gran prèt yo ak majistra yo, ak foul la, li di yo:



 *.- "Nou minnin mésié sa-a ban mouin kòmsi l-ap soul- vé pèp la, époutan min mouin pozé-l késion,



 dévan nou, mouin pa jouinn okinn kòz nan mésié sa-a, nan bagay nou a- ki- zé-l yo.


 Min ni E- ròd tou; sèké mouin té voyé nou ba li, min nan pouin anyin ki mérité lanmò nan li.



 M-ap kori-jé-l, épi m-ap la-gé-l". L.- Li té blijé lagé yon moun ba yo pou jou fèt la.


 Tout foul la ansanm lévé voua-l byin fò, li di: **.- "Fè sa-a dispa- rèt, lagé Bara-bas ban nou".


 L.- Sa yo té mét nan pri- zon-an, poutèt yon révolt ki té fèt nan vil la avèk yon krim.


 Pilat rékòmansé palé avèk yo ankò, paské li té vlé lagé Jé-zu. Yo minm minm yo rélé pi fò, y-ap di:


90



 **.- "Klouré-l sou koua, klou- ré-l sou koua". L.- Li minm minm, pou touazièm foua-a li di yo:


*.- "Ki sa-l fè ki mal? Mouin pa jouinn okinn kòz lanmò nan li, m-ap kori-jé-l, épi m-ap la-gé-l.


L.- Min yo minm yo insisté antan yo lévé voua yo pi ro, yo mandé pou yo klou- ré-l sou koua,
yo t-ap lévé voua yo tout tan pi fò. Pilat minm fè déklärasion jijman pou sa yo mandé-a réali-zé.


Moun nan yo té mét nan prizon pou krim ak révòlt la, li lagé-l ba yo, li minm yo té ré- kla-mé-a;
kanta Jézu minm, li rinnèt li bay volon- té yo. Pandan y-ap kondui-l, yo mét min sou Simon,
yon moun Sirèn ki té vi-n sot nan ja- din, yo blijé-l poté koua-a dè- yè Jé- zu. Yon gran foul pèp la
t-ap suiv li, ni médam, ki t-ap kriyé, ki t-ap plinn sou li. Jézu viré nan dirék- sion yo, li di:
+.- "Fi Jérusa- lèm yo, pa kri- yé sou mouin, min sé sou nou minm minm pou nou kri- yé
ak sou pi-tit nou yo; paské min jou ap rivé, koté y-ap di: 'Ala kontantman pou fi ki pa kapab
100 fè pi-tit yo, ak vant ki pa-t anfan- té yo, ak tété ki pa-t bay lèt yo'. Lè sa-a y-ap kòmansé



 di mòn yo: 'Tonbé sou nou'; épí ti ro-tè yo: 'Kou-vri nou'. Paské, si yo aji konsa ak boua vèt la,



 kisa y-ap fè boua sèk la?" L.- Yo t-ap kondui dé lòt kriminèl avèk li pou yo tou- yé yo.



 Lè yo fi-n rivé koté yo rélé Kalvè-a, sé la yo klouré-l sou koua-a avèk vòlè yo, youn a- douat,



 lòt la a-goch. Jézu minm t-ap di: +.- "Pa- pa, padon- nin yo; sèké yo pa konnin ki sa y-ap fè".


 L.- Yo séparé rad li yo, antan yo joué zo sou yo. Pèp la té kanpé l-ap ga-dé, gran prêt yo t-ap



 pasé-l nan jouèt antré yo, yo t-ap di: **.- "Li sové dòt, sé pou-l so-vé pròp tèt li, si-l sé Kris la,


 sa Bondié choua-zì-a". L.- Sòlda yo tou t-ap pasé-l nan jouèt, yo proché, yo ofri-l vinèg, y-ap di:


 **.- "Si-ou sé roua Juif yo, sové pròp tèt ou". L.- Té gin yon pankat ki ékri anlè-l, nan lèt grèk,


 latin ak ébré: 'Sa-a sé roua Juif yo'. Youn nan sa yo ki té pandié yo, nan vòlè yo, li t-ap

110


 blasfémé-l, li t-ap di: *.- "Si-ou sé Kris la, so-vé pròp tèt ou, ni nou minm tou".

L.- Lòt la minm pran laparòl, li fè-l ré- pròch, li di-l: *.- "Ou minm tou, ou pa krinn Bon-dié,
 ou ki nan minm konda- na-sion-an? Pou nou, sé jistis, paské nou résévoua sa nou mérité
 pou aksion nou yo; sa-a li minm, li pa-t fè an-yin ki mal". L.- Li t-ap di Jézu: *.- "Granmèt,
 son- jé-m, lè ou-ap vini nan péyi roua-ou la". L.- Jé- zu di-l: +.- "Amèn mouin di-ou,
 jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan Pa- ra-di-a". L.- Li té près- ké sizièm è-a, fénoua té rivé
 sou tout tè-a, tous névièm è-a. Solèy la vi-n tou noua, voual Tamp la chi- ré nan mi- tan.
 Jézu pousé yon rèl avèk voua-l byin fò, li di: +.- "Pa-pa, nan min-ou mouin rin-mèt és- pri-m".
 L.- Pandan l-ap di sa-a, souf li pa-ti. SILANS - AJENOU
 Lè santirion-an ouè sa-k rivé, li rann Bondié gloua, li di: *.- "Vrèman mésié sa-a té kò-rèk".
 120
 L.- Tout foul yo ki té vini ansanm pou yo gadé bagay sa-a, épi ki té ouè sa-k té pasé,

yo t-ap tounin antan y-ap fra- pé lésto- mak yo. Min tout zanmi-l yo té kanpé louin,

ni médam yo ki té suiv li dépi sot nan Galilé yo, épi ki t-ap ga- dé bagay sa yo.

Gin yon mésié yo rélé Jozèf, li té fè pati konsèy la, sé té yon moun ki bon, ki kò-rèk
 (li pa-t konsanti nan désizion yo avèk ak- sion yo), sé té moun Arimati, yon vil Judé,

li minm tou li t-ap tann péyi-roua Bon-dié-a. Li proché kot Pilat, li mandé kò Jézu;

li vlopé-l nan yon dra, lè yo fi-n désann li sou koua-a, li dépozé-l nan yon kavo ki fouyé nan ròch,
 koté yo pa-t ko mé- té pè- sonn. Sé té jou préparasion Pak la, saba-a té kòmansé ap klé- ré.

Médam yo rivé apré, yo minm ki té vi-n sot dépi Gali- lé-a, yo ouè kavo-a épi kijan kò-l té pozé,
 yo tounin, yo paré losion ak po-mad, pandan saba-a minm, yo rét tran- kil da- pré la- loua-a.

130

Pa-ròl Gran-mèt la. Mgr. Frantz Colimon, smm
 25 mars 1983, Annonciation du Seigneur. Jubilé de la Rédemption